education, enlightenment, and culture among the people through art. The article provides detailed information about Utepov's stage works, their essence, social significance, as well as his directorial and mentoring activities. Despite his short life, he left his mark in history as a great artist who left a deep mark on the development of Karakalpak stage art.

ОҚЫТЫЎДЫҢ КӨРГИЗБЕЛИ ҲӘМ ӘМЕЛИЙ УСЫЛЛАРЫ

Балтаниязов Сарсенбай Айтмуратович – *профессор*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

Таянч сўзлар: мусиқа савотқонлиги, кўргазмали қуроллар, оғзаки, мусиқани англаш, сюжетлари тасвирлаш, картиналар, нота.

Ключевые слова: музыкальная грамотность, наглядные пособия, устное, музыкальное понимание, картины, ноты

Key words: musical literacy, visual aids, oral and musical understanding, pictures, sheet music

Көргизбели методлар дегенде тәлим бериў барысында қолланылатуғын көргизбели қураллар ҳәм техникалық қуралларға жоқары дәрежеде байланыслы болған оқыў материалларын өзлестириў формалары түсиниледи. Басқаша қылып айтқанда, тәлимниң көргизбели қураллары музыка билимлерин үйрениў ҳәм өзлестириў характерин белгилейди.

Тәлимниң бундай методларынан пайдаланылғанда оқыўшылардың музыка сабағынан алған билимлери көргизбе қураллар жәрдеминде пайда болатуғын ямаса еске түсиретуғын сезимлик образларға, көз алдына келтириўге байланыслы болады. Аўызеки түсиндириў гүзетиўди шөлкемлестириўде, көз қарасты бир темпке салыўда, оларды үйренип атырған музыка мазмуны идеасы менен байланысыўында жәрдем береди. Көргизбели қураллар болмаса, аўызеки түсиндиминиң оншелли пайдасы болмайды.

Көргизбели қураллар сыпатында музыкалық шығарманың нота жазылыўы, шығарманың ритми ямаса темпин анықлаўда пайдаланылатуғын графикалық сызылмалар, музыка астындағы ҳәрекетлер, шығарма мазмунына мас реңли сүўретлер ямаса дәлиййлер музыка сабағында тамаша етип көрсетилиўи мүмкин. Ҳәзирги ўақытта оқыўтыў барысында ҳәр түрли техник қуралар: кино ҳәм басқа проекцион аппаратуралар, даўыс жазыў аппаратлары ҳәм тағы басқалардан пайдаланып тамаша етиў кең тарқалмақта. Көргизбели қураллар түрлише әҳмийетке ийе. Олар бир ҳалда тек тамаша етиледи. Екинши ҳалда болса абстракцияны пайда етиў процессин жеңиллестиреди. Көргизбели қураллар жәрдеминде пайда болатуғын анық сезимлик образларға таяныш обстракт қағыйдаларды өзлестириў барысын жеңиллетиреди, билимниң түсиникли болыў дәрежеси артады. Мәселен, нота ҳаққында дәслепки түсиник бериў пайытында нота таяқшалары, аппликацичлар, сүўрет сызылған картонлар ҳәм тағы басқалар пайдаланылады.

Көргизбели қураллар, әсиресе, музыка саўатынан алған билимлерин системаға салыўда ҳәм байытыўда сондай-ақ, оқыўшылардың пикир жүритиўин жеделлестириўде жәрдем береди. Музыка оқытыўшысы тәлим бериў барысында көргизбели қураллардан бирде бир аўызеки баянатысыз ямаса түсиндирмелерисиз көз алдымызға келтириўимиз қыйын. Көргизбели қураллар ҳәмийше оқытыўшының сөзи менен өзара байланысы ҳәм бир қыйлы мүнәсибетте болады.

Оқыў барысында коргизбелилик принцпин қолланыўдың зәрүрлиги музыка сабағы ўақтында үйренилетуғын тема ҳәм музыкалық шығарманы сезимлилик ойлаўға, оларды «жанлы пикирлеўге», билиў қәбилетиниң анық ҳәм анық емес, сезимлик, теориялық элементлердиң бирлигине үлкен орын бериўши теорилық нәзерден түсиндириў мүмкин. Музыкалық шығармаларды көргизбе қураллар арқалы аңлаў ҳәм түсиниў үлкен имканиятларға ийе. Еслеп қалыўда коргизбелиликтиң өзи емес, бәлким олардың сөйлеў ҳәм әмелий жумыс пенен бириктирилиўи ең жоқары нәтийжеликлерге ийе болады. Бул оқытыў методларының оптимал бирикпесин излеў зәрүрлинен дәлалат береди. Әне усы айтылғанларға көре билиўдиң оқытыў процессине бир тәртипте жолды сезимлик ҳәмде теориялық билиўдиң ҳақйқый бирлиги сыпатында режелестириў ҳәм шөлкемлестириў керек. Музыка сабағында

оқытыўдың көргизбели методларын қолланыў оптималлық тәртибине муўапық келиўи ушын музыка оқытыўшысы оларды таңлағанда бир қатар талапларға жуўап бериўи керек.

Көргизбели методларды таңлаўда олардың төмендеги дидактик ўазыйпаларын бир қанша нәтийжелилигин шешиў нәзерде тутылыўы шәрт:

- оқыўшыларда музыканы аңлаўда көргизбели-образлы ойлаўдың раўажланыўына жәрдем бериўи;
- музыкалық шыгармалар түрлерин өзлестириўде дыққатты жеделлестириў қуралы ролин атқарыўшаңлығы;
- музыка саўатынан алған билимлерин конкретластырыўға имкан бериўшеңлиги;
- үйренилген темаларды плакатларда, график сызылмаларда, сүўретлерде ҳәм басқаларда анық етип системаластырыў ҳәм классификация қылыў;
- музыкаға болған қызығыўды хошаметлеў, нәтийжели билим алыў ушын көрсетпелер жаратыў методлары ролин атқарыўы;
- музыка пәнинде оқыў материалының қәншелли өзлестирилгенлиги ҳаққында конкретластырылған формада мағлыўмат алыў

Жоқарыда айтылғанлардан көргизбели материаллардан қанша көп қолланылса, сонша жақсы болар екен деген мағана келип шықпаслығы керек. Себеби көргизбелиликти оптимал қоллаў, оннан мақсетке муўапық пайдаланыў деген мәнини билдиреди. Соның ушын да музыка оқытыўшысы дәстүрде ҳәм методик қолланбада келтирилетуғын тамаша қылыўдың усынылған избе-излигинен, биринши нәўбетте, сабақтың тийкарғы ўазыйпасының шешилиўине, үйренилетуғын теманың тийкарғы зәрүр мәселелерин өзлестириўге тиккелей жөнелтирилгенлерин таңлап алыўы керек.

Көргизбели қуралларды пайдаланылып атырғанда тамаша муғдарын асырып жибериў ўақытты көп сарыплаўға алып келип қоймастан, соның менен бирге оқыўшылар итибарын үйренилип атырған материалдын мазмунынан да шалғытады.

Көргизбели методларды таңлаўда класстағы копшилик оқыўшылардың ойлаў қәбилетиниң үстин типии - аўызеки-логикалық ямаса көргизбели образлы екенлигин есапқа алынады. Оқыўшылыр берилген саўалларға жуўап күтер екен, көргизбели мағлыўмат үстинде актив пикир жүритеди, көтерилген машқалаларды шешиўде, шешилиў жолларын өзлери қыдырыады ҳам соның ушын да оқыў материалын актив өзлестиреди. Көргизбели қуралларды мақсетсиз тамаша етиў бериў музыка сабағында жүдә көп ўақытты алады ҳәм ҳәттеки сабақтың үлыўма мақсетине ерисиў тәрепинен пайдасызда болып та шығады.

Музыка ҳәрекетлениўши мелодикалық ҳәм гармоникалық даўыслардан ибарат болған көркем өнер. Оны тек еситиў органы арқалы тыңлап сезиў еситиў мүмкин. Бунда көриў тийкарғы рол ойнамай, бәлким доскада көрсетилетуғын нота жазыўлары, плакатлар, кестелер, оқытыўшының дирижёрлығы, оын ҳәрекетлари ҳам басқалар музыканы жанлы ҳәм анық өзлестире алыў ямаса атқарыў ушын жәрдем береди. Ең кереклиси, өзлестириў пайытында оқыўшылардың музыка «ағымын» гүзетип барыўға ҳәм соның менен бирге музыка тийкарында нелерди ямаса қайсы образлар көрсетилгенин илип алыўға үйретиў зәрүр. Демек, музыка басқа көркем өнер түрлеринен парқланып, сабақта көргизбели материллардан дерлик екинши дәрежеде пайдаланыўға туўра келеди. Музыка мазмуны, образлар ямаса сюжетлерди сүўретлеўши сүўреллер, картиналар көбирек басланғыш класс оқытыўшыларын қызықтырады. Әмелиятта көбирек ҳәрекетлениўши, мәселен, дирижёрлық, музыка өлшемин уқтырыў, шертип көрсетиў, ойын, қол ҳәрекети, регистир ҳәм ритмик тезликти доскаға график сызықларда көрсетиў киби көргизбели қуралларлардан пайдаланылады. Әмелий методлар оқыўшылардың шынығыўлар, сондай-ақ, лабаратория ҳам әмелий жумыслар көринисиндеги ҳәр түрли жумысларынан ибарат. Бул методлар жаңа билимлерди ийелеў ҳәм алдыңғы алған билимлерди беккемлеўге хызмет қылыўы мүмкин, лекин олардың тийкарғы ўазыйпасы- алынған билимлерди әмелде түрли шараятларда қоллаўға үйретиў ҳәмде оқыўшыларда көнликпе ҳам тәжрийбелерди пайда етиў болып есапланады.

Әмелий методлар қулаллары менен оқыўшыларда вокал-хор тәжрийбелери, музыканың дүзилиси ҳәм де жеткерип бериў қуралларын анализлеў, оның жанр ҳам формаларын анықлаў ҳәмде нотаның жазылыўын үйрениў тәжрийбе ҳәм көнликпелерди пайда етиў ушын қолланылады. Мәселен, вокал-хор тәжрийбелерин раўажландырыўда, нота жазылыўы ямаса музыкаға қәдем таслаўды үйрениўде тийкарынан шыныгыў методынан көбирек пайдаланылады, олар ҳар қыйлы жумыс түрлеринде қолланылады. Әмелий

методларға шынығыўларда кириўин жоқарыда айтып өттик. Оларды бежериўде оқыў мағлыўматларын әпиўайы аўызеки ямаса көргизбели қабыл етип қоймастан, бәлким алынған теориялық билимлерди әмелиятта қоллаў әмелге асырылады. Әмелий шынығыўлар методынан пайдаланылғанда алынған теоириялық билимлерди әмелед әмелде қоллаўды толық дәрежеде тәмийнлеў имканын беретуғын шынығыўлар топламын таңлаў жүдә зәрүр. Егер мәселен, биринши классларда музыка саўатынан нота жазыў қағыйдалары өзлестирилген болса, ол ҳалда шынығыўлар дизими бул бәрше қағыйдалардың әмелий қолланылыўын толық өз ишине алаўы керек. Бунда басланғыш класс оқыўшылырына нотаның штилин (таяқшасын) жазыў қағыйдасы, бас бөлимин жазыў қағыйдасы, бас ҳам штилди қосып жазыў қағыйдасы, байрақшаны жазыў қағыйдасы ҳам нотаның үш бөлимин қосып жазыў қағыйдасы нәзерде тутылады.

Шынығыўлар системасына бирдемликтен тысқары логикалық илгерилик талабы ҳәм алға қойылатуғын, мәселен, ноталарды нота жолы сызықлары арасына, сызықларға, биринши сызық астына, бесинши сызық үстине, қосымша сызықларға жазыў киби шынығыўларды ҳар бир алдыңғы шынығыў кейинги шынығыў ды өзлестириўге таярлаўға жәрдем беретуғын етип жайластырылыўы талаб етиледи. Логикалық илгерилеўдиң бузылыўы билимлердиң өзлестирилиўи ҳәм беккемлениўиниң нәтийжелилигиниң пәсейиўине алып келеди.

Шынығыўларды орынлаўда оқытыў мтодларының бул көринисин қоллаўдың нәтийжелилигин асырыўды тәмийнлеўши төмендеги қағыйдаларға әмел етиў зәрүр. Оқыўшылар алдына орынланыўы тийис болған шынығыўлар анық мақсети: Шынығыўларды орынлая барысында қандай билимлерди қоллаў, нелерди беккемлеў, шынығыўларды орынлаў ўақтында қандай билим ҳәм тәжрийбелерди пайда етиў зәрүрлигин алға қойыў керек.

Вокал-хор ислери қосықшылық ҳаўазы, даўысты пайда етиў, сөз анықлығы, саз ҳәм ансабль тәжирийбелерин раўажландырыўға тән болған метод ҳам усыллардан кең пайдалынады. Бунда музыкалық шығармаға дирижёрлық етиў, қосықларды тәкирарлап айтыў, шығармалардың музыкалық дүзилиси жағынан салыстырыў, қосықты айтып көрсетиў, вокал шынығыўлары ҳәм баскалардан пайдаланыў нәзерде тутылады. Оқытыўдың әмелий методында вокал-хор тәжрийбелери музыка пәни дәстүринде көрсетиген қосық репертуары арқалы ҳәмде өз алдына кишкене мақсетти қойған арнаўлы вокал-хор шынығыўлары арқалы пайда етиледи. Көбинесе қосық оқытыўшылары вокал-хор шынығыўлары бийкарға ўақытты алатуғын нәрсе деп, оған онша кеўил бөле бермейди, қосық үстинде алып барылатуғын жумыстың өзи оқыўшыларға вокал тәрбиясын бериў ушын жетерли деп есаплайды. Бундай көз-караслар менен келисип болмайды. Музыка оқытыўшысы арнаўлы шынығыўларды таңлаўда қәншелли талапшаң болса, ол өз мақсетине соншелли тезрек ериседи.

Вокал-хор шынығыўлары ҳәр бир музыка сабағында белгили бир орынды ийелеўи тийис. Бул шынығыўлар ҳәр-түрли болыўы мүмкин, лекин ҳәмме ўақыт балалардың жасын, қабилетлнрин есапқа алыў лазым. Вокал-хор шынығыўлары ҳам шынығыў – қосық айтыў әмелий жумыстың тийкарғы қуралы есапланады.

Әмелий жумыслар оқыўшылардың оқытыўшы басшылығында орынланатуғын ҳәр-түрли өз бетинше жумыс түрлеринен ибарат. Бул физика ҳәм химия сабақларында тәжрийбелер өткериўде, география, геометриядан ҳәр түрли тапсырмаларды орынлаў болыўы мүмкин. Музыка сабағында да оқыўшылар музыка астында ҳәрекетлерди орынлаў жоллары ямаса музыкалық ойынды алып барыў тактикасы ҳаққында өз бетинше билим алыўлары мүмкин.

Музыкалық ойын тийкарынан баслангыш классларда жақсы нәтийже береди. Класста кишкене музыкалы ойынлар үйренилсе, класстан тысқары шынығыўларда класста үйренилген ҳәм кең майдан талап етиўши саз ҳәм қосықлар әмелде атқарылады.

Әмелий методтың тийкаргы шәрти орынланған шынығыўлар, әмелий жумыслар анализи ҳәм оларды баҳалаў. Сабақта музыкалық оқыў ҳәм тәжрийбелеринде жақсы ҳәм жаман характерлер болады. Сондай-ақ, оқыўшылар жол қоятуғын типик қәтелер де жүзеге шығады. Класста жақсы жумысларды көрсетип бериў керек.

Жақсы қолланба тийкарында оқытыў абзалырақдур. Оқыўшылар, әсиресе, жас өспиримлердиң өз жумысларының қәтелерин жаман мысал көринисинде пүткил классқа көрсетилсе, олар жүдә қапа болыўы мүмкин.

Егер көнликпени пайда етиў шәртлерине әмел қылынса, оқытыўдың әмелий методлары оқыў материялларының утымлы өзлестирилиўине алып келеди.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Шамсиев П. Абдураҳмон Жомий ва Алишер Навоий. Ташкент. 1966-ж.
2. Феруза Аскар. Музика ҳәм инсан мәнаўыяты. Т.2000. 12-бет.
3. Чаплина В.Л. «Вопросы вокальной педагогики»- Москва: Музыка, 1969 г. – 231 с.
4. Аспелунд Д.Л. «Развитие певца и его голоса» Москва: Планета музыки, 2017 г. - 180 с.
5. Ризаева М. «Стоновление молодого певца» Тошкент: Чўлпон нашрёти– 2003 г. -104 с.
6. Варламов А.Е. «Полная школа пения» Москва: Издательство Лань, Планета музыки, 2012 г. 120 с.
7. Назаренко И.К. «Искуства пения» Москва: Музыка, 1968 г. – 624 с.
8. Морозов В.П. «Вокальный слух и голос» Москва: Музыка, 1965 г. – 88 с.

РЕЗЮМЕ. Мазкур мақолада мусиқа мактаблари ўқувчиларига кўргазмали ва техник воситалардан фойдаланиб дарс бериши ўқувчиларнинг дарсларни ўзлаштиришдаги аҳамияти тўғрисида сўз этилган.

РЕЗЮМЕ. В этот статье приведена о важности обучения школьников в музыкальных школах с использованием визуальных и технических средств для повышения качества уроков.

SUMMARY. This article discusses the importance of teaching music students in music schools using visual and technical aids to improve the quality of lessons.

QARAQALPAQ PROFESSIONAL MUZÍKASÍN ATQARÍWSHÍLAR TÁREPINEN DÓRETILGEN XALÍQ QOSÍQLARÍ HÁM NAMALARÍ

Bekbergenov ZarlıqTolibayevich – *docent*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Tayanch so‘zlar: musiqa, san’at, adabiyot, professional ijro, rang, melizm.
Ключевые слова: музыка, искусство, литература, профессиональное исполнение, колорит, мелизма.
Key words: music, art, literature, professional performance, color, melisma**.**

Qaraqalpaq xalıq kompozitorlarınıń vokallıq dóretpeleri ádebiyat, súwret salıw, teatr óneri sıyaqlı, ulıwma milliy mádeniyatımızdıń ayrılmas bir bólegi bolıp esaplanadı. Biraqta muzıka óneri iskusstvonıń basqa túrlerinen ayırmashılıǵı sonda, qaraqalpaq klassik ádebiyatı jazba túrinde yamasa kóshirme, yaki awdarma túrinde bolsın, belgili dárejede málim sańlaqqa iye bolǵan bolsa, al muzıkada nota jazıw payda bolǵanǵa shekemgi dáwirdegi dóretpelerden gúwa tapqanday belgili baslı namalardıń tiykarǵı nusqasın yaki kóshirmesin tabıw qıyın. Ol baqsılardıń ustazdan shákirtke ótiw qusaǵan dástúrlik yadlaw jolı arqalı jetip keldi. Klassik namalardıń dóretiliwdegi ózgesheliklerinen biri, olar kóbinese klassik shayırlardıń (Kúnxoja, Ájiniyaz, Maqtumqulı, Berdaq, Ótesh t.b.) shıǵarmalarınıń tekstlerine hám xalıq dástanlarınıń tekstlerine (geroylardıń quwanısh, kúyinish, súyinish háreketlerine) arnap baǵdarlamalıq mazmunǵa jaqınlastırıp dóretilgen. Ulıwma alǵanda bular jazba ádebiyatqa tiykarlanǵan. Klassik muzıkanıń usı formada dúziliwi tuwralı belgili muzıka izertlewshi ilimpaz E.E.Romanskaya bılayınsha jazadı: «Klassikalıq muzıkanıń xalıq namalarınan eń xarakterli ózgesheliklerinen biri, olar aruz formasındaǵı ádebiy tekstlerge, al xalıq qosıqları 7,8,11 buwınlı dinamikalıq ólshemlerine tiykarlanıp keledi» [1.B.341].

Qosıq qurılısınıń, formaları, aruz, barmaq hám erkin ólshemlerine baylanıslı usınday namalardıń dóreliw jaǵdayları qaraqalpaq muzıkasınıń qurılıw usıllarına kútá jaqın keledi. Óytkeni qaysı bir xalıqtıń milliy namasın alıp qarasaqta jaydarı qosıqlarǵa dórelmey, kóbinese qıyın formalarda: Muxallestiń túrlerine, Ájiniyazdıń «Áy álip», «Shıqtı jan», «Kórmedim» qosıqlarına, Kúnxojanıń «El menen», Berdaqtıń «Boladursań» qosıǵına «Bes perde» namasınıń, «Muwsa sen yar» namasına «Góruǵlı» dástanınan t.b. qosıqlarǵa arnalıp keletuǵınlıǵın kóremiz. Degen menen olardı xalıq qosıqlarınan bólek alıp qarawǵa